# नेपालमे कार्यरत निकायसभक कार्यसञ्चालनक आधारभूत मार्गदर्शन

हम (निच्चा उल्लिखित निकाय) सभ नेपालमे सभ तरहक विकासक काज एवं आवश्यक मानवीय सहयोगक लेल निम्नलिखित मार्गदर्शनक अधीन रहि काज करबाक सहमति व्यक्त करैत छी । ई मार्गदर्शन अन्तर्राष्ट्रिय मान्यताप्राप्त ओहि सिद्धान्तसभपर आधारित अछि, जाहिमे नेपालक सेहो सहमति छैक ।

१ हमसभ नेपाली जनताक जीवनस्तर सुधारक काजमे योगदान देबाक लेल नेपालमे कार्यरत छी । हमरासभक सहयोग गरिबी न्यूनीकरण, आधारभूत आवश्यकतासभक परिपूर्ति तथा समुदायसभकेँ आत्मनिर्भर बनएबादिस केन्द्रित रहत ।

२. हमसभ आम लोकक मर्यादा, संस्कृति, धर्म आ रीतिरिवाजक सम्मान करैत स्थानीय समुदायसभक आकांक्षाअनुरूप काज करैत छी ।

३. हमसभ नेपालक गरीब तथा सामाजिक रूपसँ पछुआएल जनताकेँ, चाहे ओ कत्तहुके होइक आ केओ होइक, सहयोग करैत छियैक । सहयोगक प्राथमिकता आवश्यकताक आधारपर तय होइत छैक, कोनो राजनीतिक, जातीय वा धार्मिक मान्यतापर नहि ।

४. हमसभ अपन सहयोगकेँ पारदर्शी रखैत छी । गरीब जनता आ समुदायसभकेँ कार्यक्रमक योजना-निर्माण, व्यवस्थापन तथा कार्यान्वयनमे सेहो सहभागी करबैत छियैक । हमसभ ओकराप्रति जिम्मेदार रहैत छी, जकरा हमसभ सहयोग देबऽ चाहैत छियैक आ जे ओहि सहयोगक लेल स्रोत-साधन प्रदान करैत अछि ।

५. हमसभ अपन सहयोगकेँ खास कऽ लिङ्ग, जातीय, जातिगत एवं धार्मिक आधारपर होबऽ वला भेदभाव आ सामाजिक बहिष्कारसन आचरणसभक नियन्त्रणदिस सुनिश्चित करबाक प्रयत्न करैत छी ।

६. कोनो राजनीतिक वा अन्य आधारपर नहि भऽ, हमरासभक जे काज अछि, तकरा लेल उपयुक्तता, अनुकूलता आ योग्यताक आधारपर हमसभ कर्मचारी नियुक्त करैत छी ।

७. अपन कोनो कर्मचारी अथवा विकासमे साझेदारसभपर हिंसा, अपहरण, मानसिक दबाव वा कोनो तरहक धमकीपूर्ण क्रियाकलाप हमरासभकेँ स्वीकार्य नहि भऽ सकैत अछि ।

८. हमरासभक कर्मचारीकेँ अपन मूल्य आ मान्यतासँ सम्झौता करबाक लेल बाध्य कएल जाएवला जगहपर हमसभ काज नहि कऽ सकैत छी ।

९. कोनो तरहक सैनिक, राजनीतिक वा साम्प्रदायिक अभिप्रायक लेल अपन सहयोगक प्रयोग हएब हमरासभकेँ कथमपि स्वीकार्य नहि भऽ सकैत अछि ।

१०. हमसभ राजनीतिक दलसभकेँ चन्दा नहि दैत छियैक । सङ्गहि जोर-जबर्दस्तीमे पड़िकऽ ककरो कोनो तरहक नगद वा जिन्सी किछु प्रदान नहि करैत छियैक ।

११. हमरासभक उपकरण, मालसामान आ साधनसभक प्रयोग अपन कार्यक्रममे उल्लिखित उद्देश्यसभक परिपूर्ति करबाक अतिरिक्त आन काजमे नहि हएत । हमरासभक सवारीसाधनसभ अपन विकास कार्यक्रमसँ प्रत्यक्ष रूपेँ सम्बन्ध नहि रखनिहार व्यक्ति वा मालसामानक ढुवानीमे प्रयोग नहि कएल जाएत । हमरासभक सवारीसाधनसभ सशस्त्र सैनिक वा लड़ाकू पोशाक पहिरनाहर कर्मचारीसभकेँ नहि ढोअत ।

१२. विकास वा मानवीय प्रयोगक लेल आनल गेल मालसामानक चोरी, अन्य काजमे प्रयोग वा दुरुपयोग हमरासभकेँ सह्य नहि हएत । एहन मालसामान बेरोकटोक विकास कार्यस्थलधरि पहुँचाएब जरूरी अछि ।

१३. विकास आ मानवीय काजमे जुटल हमरासभक कर्मचारीसभकेँ सहयोगक जरूरति रहल जनताधरि पहुँचएबाक आ एहन काजक लेल आवश्यक स्रोत-साधन यथाशीघ्र उपलब्ध करएबाक सङ्गहि स्रोत-साधनक सुरक्षा आ कर्मचारीक बेरोकटोक आवागमनमे मदति करबाक लेल हमसभ सम्बन्धित सभसँ हार्दिक आग्रह करैत छी ।

१४. हमसभ सम्बन्धित सभ पक्षसँ अन्तर्राष्ट्रिय मानवीय सिद्धान्त तथा मानवअधिकारसम्बन्धी कानूनसभक स्पष्ट पालन होएबाक अपेक्षा रखैत एहि लेल सभकेँ प्रोत्साहित करैत छी ।